

# Andiswa gwo jwèz foutbòl

 Eden Daniels

 Eden Daniels

 ACE Haiti-University of Notre Dame USA

 2

 krèyol ayisyen 

Andiswa tap gade ti gason yo ap jwe foutbòl.  
Li te anvi jwe avèk yo tou. Li mande yo si li te  
kapab pratique ak yo.



Antrenè a mete de men nan ren li pou'l di “  
Nan lekòl sa a, se sèl ti gason ki jwe foutbòl”.



Ti gason yo voye'l al jwe nètbòl. Yo di li ke jwèt nètbòl se pou fi tandiske foutbòl se pou ti gason. Andiswa pate kontan.

Lekòl lan te gen yon gwo match foutbòl jou kap vini an. Antrenè a te gen enkyetid paske pibon jwè li te malad, li pa te kapab jwe.

Andiswa kouri al jwenn antrenè an pou li  
mande'l si te kapab ranplase jwè sa a. Antrenè  
a pat konn sa pou'l te fè. Enpi, li deside kite  
Andiswa jwe.



Match lan te difisil anpil. Nan mitan match lan okenn moun pokò te bay yon gòl.

Nan dezyèm mitan an, yon ti gason pase boul lan bay Andiswa. Andiswa ranmase bou lanak pye li, li tonbe kouri ak boul lan nan direksyon filè an. Li shoute boul la ... li bay yon gòl.



Foul lan leve kanpe pou'l bat bravo. Depi lè sa a, ti fi kapab jwe foutbòl nan lekòl sa a.



# Global Storybooks

[globalstorybooks.net](http://globalstorybooks.net)

**Andiswa gwo jwèz foutbòl**

-pencil icon Eden Daniels

flag icon Eden Daniels

document icon ACE Haiti-University of Notre Dame USA

